

Amabwirizwa yo gusubira kwugurura itangwa ry'imfungurwa hamwe n'uburaro inyuma y'umwuzure

Aya makuru ni ay'imfungurwa zemewe canke amazu y'uburaro. Fata ingingo zikurikira kugira usubire kwugurura inzu yawe n'ububiko bw'imfungurwa kubera umwuzure hamwe n'ugucika kw'umuyagankuba.

Ugara inzu yawe

Utegerezwa kwugara inzu yawe y'ubudandanji nimba ufise imwe canke nyinshi mu ngorane zikurikira:

- Uruhande urwarirwo rwose rw'inzu ibikwamwo imfungurwa rwatewe n'amazi – amazi yose y'imyuzuri afatwa ko yanduye
- Amazi y'umwanda ava mu nzu
- Amazi ntatembera kandi imisarani ntikoreshwa n'abakozi
- Amazi yo kunywa yo muri icyo nzu yo gushingura imfungurwa yararengewe n'amazi kandi amazi meza ntaboneka mu yandi masoko canke hisunzwe amabwirizwa y'ubuhanuzi bw'amazi yo gushusha
- Abaguzi canke abakozi bategerezwa guca mu mucafu w'amazi yanduye kugira bashike mu nzu
- Nta muyagankuba uhari
- Izindi ngorane zishobora kwonona ubwiza bw'imfungurwa ziri mu bubiko

Subira ugenzura imbere yo gusubira kwugurura

Kora wewe ubwawe igenzura rikwiye kugira wizere ko ibikorwa bisanzwe bishobora gutangura ata ngorane kandi ata ngorane ku bwiza bw'imfungurwa. Ntiwinjire munzu uko ariko kwose kiretse ukurikije amabwirizwa y'abahinga b'inyubako hamwe n'abajejwe umuyagankuba. Nimba inyubako yawe yarugawe n'igisata c'umugambi w'amagara y'abantu, imfungurwa n'uburaro, utegerezwa gukorerwa igenzura n'igisata c'amagara y'abantu imbere yo gusubira kwugurura.

Kwica imicafu

Oza Ibikoresho kandi wice imyanda hamwe n'ibibanza vyose bikoreshwa cane. Oza neza kandi unyukure ibibanza imbere yo kwica imyanda. Kurikiza uburyo bwo kwica ubwandu n'imyanda mu gukoresha umuti, akarorero, amazi ya Javel ku rugero rwo kwiyegegeranya rwa 100-200 ppm (akayiko 1 ko ku meza k'amazi ya Javel mu gacupa 1 k'amazi yo kunywa), Quaternary Ammonium ku rugero rwo kwiyegegeranya rwa 200 ppm, canke iyindi miti yemewe yica imyanda. Kwica neza imyanda bizofasha gukuraho utumikorobe tubi, ibisigarira vy'ubumara, canke umucafu bishobora kubangamira ubwiza bw'imfungurwa.

Sesa ivyokurya vyononekaye

Sesa imfungurwa zose hamwe n'imifuko yo gutekeramwo ibintu yagiyemwo amazi y'imyuzure, kiretse igihe imfungurwa ziri mu gikopo cugaye kitononekaye.

- Sambura imfungurwa zibitse muri firigo hamwe n'izikanye – nk'inyama, inkoko, amagi, ibiva mu magi n'amata – vyadibiye mu mazi y'umwuzure. Nimba ufise amadidane, bite hanze.
- Genzura imfungurwa zo mu bikopo hanyuma ute ivyokurya vyose biri mu bikopo vyoba vyarononekaye. Igikopo cononekaye ukimenyera ku kuvyimba, kuva, gutoboka, ibitoboro, kuvunika, ingese nyinshi canke kuvungagurika/kuzibirwa kw'inzira yo gushobora kwugururwa bitagoranye igikopo kimeze nk'ipine.
- Ta canke usese ivyo bintu biri mu bigunguru bifise imifuniko, imifuniko mito (amacupa y'amafanta), imifuniko izunguruka, imifuniko yo hejuru yuguruye n'iyimeze nk'uko yugaye yadibiye mu mazi y'umwuzure.
- Ntubike imfungurwa mu mifuko ya parasitike, impapuro, igikarato, impuzu hamwe n'ibisa n'ivyo vyonyonywe n'amazi.
- Imfungurwa zitononekaye, zateguriwe kugurishirizwa mu bikopo vy'ivyuma canke mu mifuko igarukanwa birashobora kubikwa mu gihe wokurako ibibiranga bishobora kuvako. Oza neza ibikopo, ubinyukure hanyuma wice imicafu ukoresheje umuti urimwo akayiko 1 k'amazi ya Javel kw'iritiro ry'amazi yo kunywa. Mu guheraheza, subizako ibimenyetso vyari vyavuyeko, harimwo n'itariki bizoterako igihe, ukoresheje irangi.
- Rangiza guta ku buryo bwizewe imfungurwa zose zononekaye hisunzwe uburyo bwo kubika bwa leta, intara n'uburyo bwo kwegeranya imicafu, kuyitwara, n'amabwirizwa yo kuyita canke kuyisesa. Ibi bitegerezwa gukorwa kugira hizerwe ko izi mfungurwa zitagaruka nk'izononekaye canke ngo zigarukanwe gufungurwa n'abantu.

Ibikoresho bifadika

- Nimba ufise ikinogo catewe n'umwuzure, amazi ashobora gushirwamwo umuti kandi agapimwa kugirango hemezwe ko yizewe inyuma yuko amazi y'umwuzure yahavuye. Nimba wibaza ko ikinogo cawe gishobora kuba kirimwo imyanda, amakuru yerekeye uburyo bwo kwica imyanda aboneka ku rubuga rw'igisata c'amagara y'abantu kuri healthvermont.gov/health-environment/drinking-water/disinfection (mu congereza)
- Nimba uhabwa amazi na leta menyesha ababijejwe ko ufise amazi yo kunywa atangwa n'abajejwe amazi. Kurikiza impanuro z'uwojwe amazi ashushwe nimba amazi yo kunywa atayariho.
- Oza neza impande zose zo munzu (akarorero, hasi, impome n'ibisenge), ukoresheje amazi meza, arimwo umuti ushushwe wica imicafu, hanyukuwe hatarimwo imiti yica imicafu kandi irimwo alukoro. (Raba igice kiri ngaho hejuru ku bijanye no kwica imicafu.)
- Gukinga canke gukura ubucafu. Ibice vy'inyubako (akarorero, impome, imiringoti, igisenge hamwe n'uburyo bwa HVAC butanga umuyaga) bwatewe n'amazi y'umwuzure canke ukundi kwononekara, bitegerezwa kwozwa, gusanurwa no gusukurwa hakoreshejwe umuti wica imicafu aho bishoboka. Kura kandi usambure urubaho rwo ku ruhume rwononywe n'amazi. Impome z'isima zononywe n'ifira zirashobora gusubirwamwo.

- Sukura neza kandi ukure umucafu mu miringoti yose isohora umwotsi hanze. Vugana n'abafundi bajewe serivisi iyo bikenewe. Ivyuma bitanga umuyaga vyonyonywe n'amazi bidashobora kwozwa neza bishobora gukurwaho kandi bigasubirizwa. Ukwo bigenda kwose, subiriza ibikoresho biyungurura umuyaga.

Ibikoresho

- Sukura neza amapanu, amasahani y'ibumba hamwe n'amasufuriya (harimwo n'ibikoresko vyo kwugurura ibikopo) ukoresheje isabuni n'amazi ashushe. Nyukura hanyuma wice imicafu mu kubishira mu mazi meza ashushe canke kubishira mu muti wica imicafu urimwo ikiyiko 1 c'amazi ya Javel kw'iritiro ry'amazi meza mu mwanya w'iminota 15 canke umuti wica umucafu wemewe. Kurikiza amabwirizwa ari ku gapapuro k'umuti wo kwica imicafu kugira ntuzenze urugero.
- Sukura neza ibikoresho vyo mu gikoni kandi ntukoze isabuni ku mfungurwa n'amazi ashushe. Nyukura hanyuma wice imicafu mu kubishira mu muti wica imicafu urimwo ikiyiko 1 c'amazi ya Javel kw'iritiro ry'amazi meza canke uwundi umuti wica umucafu wemewe. Anikira ku muyaga.
- Koresha icuma coza ivyombo canke ico kwogerezamwo gifise impande zitatatu, nyukura kandi wice imicafu iri ku bikoresho n'ivyombo ukoresheje amazi meza hanyuma:
 - Koresha amazi ya Javel ku rugero rwo kwiyegeranya rwa 50-100 ppm (1/2 akayiko 1 k'amazi ya Javel mw'iritiro ry'amazi meza) canke iyindi miti yica ubucafu yemewe ku bifungurwa no ku bikoresho.
 - Imashini yoza amasahani itegerezwa gutanga urugero rwo kwica imicafu rungana n'amazi ya Javel 50 ppm (ku ma mashine yica imicafu) canke urugero rwo hejuru rw'ubushuhe bwa 180° F(ku ma mashine yo kwoza amasahani akoresha amazi ashushe).
 - Igikoresho co gupima cemewe gitegerezwa kuba kihari kugira wizere ko umuti wica imicafu ukora neza kandi icuma gipima ubushuhe gitegerezwa kuba kihari kugira gipime ko amazi ashushe ku rugero rwa 180° F canke ko ivyombo bishika ku bushuhe bwa 170° F.
 - Cisha igikoresho kigaragara coza kikongera kitarongorora amasahani mu mazi meza incuro zitatu. Ibi bikaba bikorwa mu gusukura imiringoti amazi acamwo no kuraba neza ko icuma coza amasahani cogeje kandi ata imicafu irimwo imbere yo kwoza igikoresho hamwe n'ivyombo bikirimwo.
- Ibirahuri biri muri firigo n'ibibitse hamwe n'ibindi bikoresho bikanyisha bikoreshwa mu kubika imfungurwa bitegerezwa gukurwamwo ibintu vyose vyononekaye hamwe n'imitobe yose imbere yo gusukurwa.
- Ibikoresho bikanyisha bitegerezwa kwozwa neza imbere n'inyuma hakoreshejwe isabuni ishushu kandi bikarongorwa kugira isabuni ikureko ubucafu. Itwararike cane ahari itara, ahari intoboro, ahaca umuyaga, imfuruka, imigaga, hamwe n'imigozi, amapata y'imiryango. Sukura ibibanza vyose ukoresheje umuti wica imicafu. (Raba igice co ngaha hejuru ku bijanye no kwica imicafu.)

- Nimba ibifata, amapata y'imiryango, intsinga vyarononywe n'umwuzure canke ibifungurwa birimwo amazi, bisubirize canke ute utwo dukopo hamwe n'ivyo kubikwamwo hamwe n'ibindi bikoresho vya firigo.
- Kura kandi usuburize ibikoresho vyose bifise imiheha nimba bitagenewe kwogerezwa ngaho.
- Subiriza utuyunguruzo twose two ku mashine y'ibarafu hamwe n'utuyunguruzo two ku mashini itanga ibinyobwa, wongere usukure imiringoti yose y'amazi, harimwo n'imiringoti itwara umuhisha uvuye mu mazi iri ku mashini y'ibarafu kuva ku minota 10 gushika kuri 15.
- Sesa ibarafu yose iri mu mashine y'ibarafu. Sukura kandi wice imicafu mu mpande z'imbere (aho gukorera amabarafu n'aho guta canke gusesa). Zungurutse imashine y'ibarafu incuro zitatu hanyuma ute ibarafu buri ncuro.
- Sukura neza kandi wice imicafu yose iri mu co kwogerezamwo imbere y'uko usubira kugikoresha.
- Genzura neza ibikoresho kugira wizere ko bikora kandi ibibigize bimeze neza.
- Ibikoresho vyo guteka bitegerezwa kwozwa neza kandi bigasuzumwa n'igisata co kuzimya umuriro, ishirahamwe ryo mu karere, canke uwuserukira serevise yemewe imbere yo gukoreshwa.

Kubungabunga ubushuhe bw'infungurwa

- Raba neza ko ibintu vyose bikanyisha bifunduruye, ivyuma bikanyisha bifise ivyumba, bishobora kubandanya bifise ubukanye bwa ($\leq 41^\circ\text{F}$ canke mu buryo bukanye) imbere y'uko imfungurwa zishirwa mu bikoresho.
- Raba neza ko ibikoresho vy'ubushuhe bishobora gushuha ku rugero rukenewe rwo guteka ($\geq 135^\circ\text{F}$) ku mfungurwa mbisi z'ibikoko. Raba neza ko ibikoresho vyo gukanyisha bishobora kubungabunga imfungurwa ku rugero rw'ubushuhe canke ubukanye rwa ($\leq 41^\circ\text{F}$).
- Raba neza ko ibikoresho vyose vyakoreshejwe mu gutunganya imfungurwa (akarorero, ivyo guteka, ivyo gukanyisha, n'ivyo gusubira gushusha) bikora kandi bicometse neza imbere yo kubikoresha.

Inkomoko y'imfungurwa na fagitire

- Imfungurwa zose, harimwo bibisi, bishasha, ivyakanyishijwe, ivyapakiwe imbere, bimara igihe kinini kandi bigeze kuribwa, bitegerezwa kuva ahantu hemewe.
- Igice kiribwa c'ibicuruzwa bishasha vyagiyeko amazi y'imyuzure bifatwa ko vyononekaye kandi ntibitegerezwa gukoreshwa.
- Imfungurwa zitegerezwa kwakirwa n'umuntu abijejwe kugira arabe ko ivyo imfungurwa
- zitekeyemwo bikwije ubushuhe bukenewe kandi ko bikomeye bitamenetse, canke ahandi hugurutse. Imfungurwa zo mu makopo zitegerezwa kuba zitamvyimvye canke ngo zigire intoboro canke ibibiranga bitabutse.
- Imfungurwa zisaba ko ubushuhe bwazo bugenzurwa bitegerezwa kwakirwa biri mu bintu bikanyisha canke ahantu hari ubushuhe buri muni ya 41°F kugirango bibikwe bikanye.

Kurwanya udukoko

- Raba neza ko imbeba / udukoko twoba twarinjiye mu nzu twagiye. Kuraho udukoko twapfuye kandi usukure n'imfungurwa zose zoba zakozweko n'udukoko.
- Zibira ahantu hose mu nzu hugurutse kugira ubuze udukoko canke imbeba vyosubira kwinjira ikindi gihe.
- Ta canke usese imfungurwa zanduye canke zononekaye zegereye amakontineri yugaye kugirango bikurweho kugira hagwanye imbeba n'insazi.

Abakozi

- Koresha buri gihe isabuni n'amazi meza (n'imiburibiri 100° F) mu gukaraba.
- Umutu wica imicafu ushobora gukoreshwa gusa inyuma yo gukaraba. Umutu wica imicafu mu minwe ntuhagije mu kwica imikorobe ku minwe icafuye kandi ntusubirizwa isabune n'amazi.
- Abakozi ntibategerezwa gukora ku mfungurwa zigeze kuribwa bakoresheje amaboko yabo, ariko bategerezwa gukoresha impapuro zibigenewe, canke ibirato vy'intoke bikoreshwa rimwe gusa.
- Abakozi bafise ibikomere ntibategerezwa gukoresha iminwe mu gutegura imfungurwa hamwe n'isuku ry'aho imfungurwa zakoze canke serevise/ imwe ikoresha ivyombo. Nimba ibikomere vyanduye bipfutswe n'ibitambara n'ibintu bibiri bitamenwa n'amazi, canke igitambara gifata amazi n'ibirato vy'intoke vya parastike, umukozi arashobora kubandanya gukora mu mfungurwa.
- Abakozi barwaye badahwa, bacibwamwo canke babenja ntibategerezwa gutonda ku kazi, kandi ntibategerezwa gusubira ku kazi gushika n'imiburiburi amasaha 48 ibimenyetso biheze.